


DI COVID-19 EMERGENCY

Updated to 30th March 2020

WHO I FIT CONTACT IF I NO WELL

If you get fiva wen e high pass 37.5' c. and/or you no fit breat , make you no go mit doctor or to di ER. For you to kol ya doctor or ER, make you kol ya family doctor small small pikin doctor wen oyinbo dey kol Pediatrician. Make you for no share di yamayama infection to pipo.



IF YOU NO GET A FAMILY DOCTOR PEDIATRICIAN

Kol dis free wen di ministry of Health say make we dey kol (na for only for Emergencies):1500
Or kol one of dis Emergency hot-line:112 or 118
Or for plenty plenti information, kol di nomba for di State wen you dey.


- Basilicata **800 99 66 88**
- Calabria **800 76 76 76**
- Campania **800 90 96 99**
- Emilia-Romagna **800 033 033**
- Friuli-Venezia Giulia **800 500 300**
- Lazio **800 11 88 00**
- Lombardia **800 89 45 45**
- Marche **800 93 66 77**
- Piemonte **800 19 20 20 / 800 333 444**
- Provincia autonoma di Trento **800 86 73 88**
- Puglia **800 713 931**
- Sardegna **800 311 377**
- Sicilia **800 45 87 87**
- Toscana **800 55 60 60**
- Trentino-Alto Adige **800 751 751**
- Umbria **800 63 63 63**
- Val d'Aosta **800 122 121**
- Veneto **800 46 23 40**



Di operator wen e specialized go ansa you and e go ask you to give plenti information abat ya situation, make e for fit help you.
If e be say you no get docu, fisica cod(hopita card) id card or any oda docu, you need help ,di law no allaow am to report you to AK ogbalegbe/olopka.

COVID-19 WETIN BI DI SITUATION IN ITALY

Di new coronavirus wen e cos di yamayama infection diziz wen dem dey kol COVID-19, na am folo share enta small small wata wen from persin for were am dey breat, and e com dey giainate COVID-19 cof, sneezes, talk or breat out, persin fit karri di yamyama infection if di small small wata wen e giainate from persin wen e get COVID-19. Di new yamayama coronavirus fit enta any bodi, e nor no big persin or small persin, e no wan no di country wen you for come, e no fear any skin colo, e no fear weda you bi man or woman, even religion e no fear am!



Di problem wen e big pass for dis coronavirus, na di force wen e put for all di national healthcare system. Di states in di north side of Italy, like Lombardia, Emilia Romagna, and Piedmont, na em e affect pass well well. Bot all di rest of Italy, dem still dey face di same problem. E dey very important well well becose of our health and di pipo wen e dey near us, to folo repect di new law wen Italian Govment put so, wen e no let us dey waka comot like bifor for di whole nation, as far e dey necessary. Dis new law , wen e neva happen to any one bifor in di country, e get time limit and e go change as soon as di emergency don dey mello. Make you dey corrent wit di regulation of di law, becos e fit dey change.

To no more information, enta dis website:

<http://www.integrazionemigranti.gov.it/Pagine/default.aspx>

Di urgent tins wen you fit do for health reason, na em bi dis, to go work, buy food to chop, medisin oda important tins for dis regulation, you fit comot for house for only di folo em reason.



To sure say pipo respect dis regulation, AK ogbalegbe/olopka, sogia (military) fit stop any bodi wen dey outside , to no di reason wen e make you dey outside.

Dis fit happen to any persin for rood, for square/Park, dey waka wit leg, you dey inside ya moto or public transport. If dem stop you, dem go ask you make you give tel dem di reason why you no dey for house as di law talk.



Dem go ask you to fill, and sign, a form to show ya statement. You fit fill di form bifor you comot for house, di form dey available here if folo dis link:

https://www.interno.gov.it/sites/default/files/allegati/nuovo_modello_autodichiarazione_26.03.2020_editabile.pdf

E dey very import to talk di true why you comot for house becos dem go scheck weda na true or no. if dem dicova say no bi true, and e no dey any of di reason wen dem rite for up so, dem fit charge you 400 to 3,000 euro.

Any persin wen e test positive for di yamayama virus, e must respect di quarantine (14 days to stay for inside house). Any persin wen e no respect di law and e comot for were e dey do quarantine, e go face arrest from 3 to 18 months, and a fine, from 500 to 5,000 euro.

If you comot go aside becos of work, make you bring any docu/ or any papa from ya oga, you comot go aside becos of ya health, make you give dem any docu/papa to show say na true you dey talk, if you wan buy food and oda important tins, make you go di shop wen e near you.



WETIN BI DI CHANGE WEN I DO DEY EXPECT FOR MAI EVERY DAY LIFE?

Dem don reduced plenti plenti public work make pipo for dey work from house.

Immigration offices don close for na: to give out docu or to renew it, dem don suspend am for na; no shakin, any docu wen e dey valid and e expired between 31st of January and on di 15th of April 2020, dem don shiftan go 15th of June 2020, na afta dis date, na am you go fit renew am.

E still dey possible to ask for appointment to ask for aduro(asylum application). To do interviews wit di Territorial commission for di recognition of International Protection and fit bi say Court for Appeals fit suspend, or change if dis present emergency still dey continue. All typy and all level of school, dem don close for na: all di student and pikin go dey for house for na till evey tins open again.

Dem don activate all di educational services online systems make all di student and fit dey learn and to allow dem continue dea studies, homework and oda learning activities.

Plenty shop and business place don close. Di one wen e dey sell important tins wen we go dey use for na dey open, dem don reduce di time wen dem tey dey open (on Sunday karri join).

Any of di stores/shop dat open, you fit mit line to wet for ya ton to enta/or to pay.



Dis fit still happen for hospitals, erea health services, and ASL clinics. Make you shor say you dey folo di instruction of di pipo wen e dey work for there bifer you enta. If you no code, make you ask dem question.




If you dey stand for line, make you no foget to give shance of 1 mita for di persin wen e dey ya front.

To travel to and from anoda countries na, e dey very tait na, dey don limit and cancel plenti of dem na, becos of dis emergency wen e dey na. na di consular Authorities, and travel compini na dem make di change.




For na, e no dey possible to participate in any religious services. You fit kol di oga pkatapka of you religious to tell you as you wan tey dey folo ya religion in a betta wey.



FOR HOUSE

Make you clean every tins wen eye dey see for ya house all di time, make you dey use ogogoro wen dem tey dey clean and chlorine for disinfection. Make shor say you dey wash ya hand all di time. on till tude, no prove talk say dog, cat, or any pet fit give persin COVID-19



FOR WORK

If dey neva suspend ya job, make shor say you dey keep di shance wen dey say make you dey keep, make e no small pass 1 mita for persin wen you wit am dey work for ya working place. Dem fit stil tell you say make you dey use hand gloves, mask for face. You fit ask ya oga information, or kol di nomba wen wi rite for up for di state wen you dey.

**WETIN YOU FIT DO TO HELP?
FOLO DO WETIN WI YAN YOU AND SHARE DIS INFORMATION WIT
FAMILY AND FRIENDS**

Di COVID-19 emergency, na once e tey cos big change for our life. Na norma tin for persin to dey fear, stress, confuse, sad and to dey vess for dis condition. For dis kind time wen e change like dis so, e dey important make wi do our best to take care of ourself and oda pipo. Wi fit do dis by makin choice, big and small, wen e help us to karri go in a betta way. Wetin dey to put our mind for, na am dey dan so,



- Make you dey corrent by usin betta and corrent information for sef. Make you dey tink of ya persina issue and to dey ogment dem well, make you folo betta and important way to dey save. E if be say you go need, make you get plan for wetin you go fit do who you fit contact.
- Make you dey contact di pipo wen you dey care for and trust make shor say you dey relax to dey ok. Sleep, take break and do di tin wen dey enjoy.
- Make you no dey give all ya attention news and make you de limit ya time wen you de give socio-media. Once you don get mey and di important information, check update by usin di corret trust news, di one wen Ministry of Health dey give (<http://www.salute.gov.it/portale/home.html>), or di national Istitute of Health(<https://www.iss.it/>).
- Make you of ya bodi and every tin wen e dey were you dey, dey chop well, dey clean and dey active. Must dey for house, ogoment ya space and make arrange di space wen you dey share wit oda pipo.
- Make you use IT settin tey dey pass some of ya free time wit ya friends. Make you start to dey create plan for house, for wetin you go do if dis wahala don finish.
- Remba di wey dat help you tey pass dis difficult time for di pass to use dem. Make you ask for help any time wen you tey need am and also give help wen you fit still tey give help to anoda persin.



Suggestions for children:

Dis time wen wi dey so, ya pikin go need more love big attention from you. Make shor say you dey listen and talke wit cul mind. Give ya pikin information for wentin dey happen so, and tell dem wetin dey need to dey do. Di wey wen dem go fit tey understand and to comot fear for mind. Make try to dey use funny funny wey and simple tin for ya pikin make dem fit folo.

Dey give ya attention to ya pikin reation, bi exampel to dem. Help dem feel save, by continue folo dem every day regularly, make shor say di time wen dem tey dey play, e dey. If you must dey inside house, create betta normal shance to arrenge time for study, relax and fun too. And also, make you dey careful well well for media, social media, or oda information wen ya pikin dey contact wit, and how dis fit tey affect dem.

E betta make dem no karri pikin comot for were dea parents dey, or persin wen e dey take of dem, folo dis emergency. If e dey important to karri dem comot, make shor say dem get regular contact wit dem and comfort.

